

## **BAB II**

### **ULIKAN PUSTAKA, RARAGA MIKIR, JEUNG HIPOTÉSIS**

Dina ieu bab eusina ngeunaan (1) ulikan pustaka, (2) raraga mikir, jeung (3) hipotésis. Dina ulikan pustaka diguar sababaraha tiori anu aya pakuat-pakaitna jeung ieu panalungtikan, diantara baé strategi pembelajaran ékspositoris, tiori maca, tiori nulis, jeung tiori aksara Sunda. Dina raraga mikir, dipedar galur mikir ieu panalungtikan, jeung dina hipotésis anu mangrupa jawaban saheulaanan kana rumusan masalah dina panalungtikan.

#### **2.1 Ulukan Pustaka**

##### **2.1.1 Strategi Pangajaran Ékspositori**

Kecap stratégi asalna tina kecap Yunani *strategia* anu ngandung harti élmu perang atawa panglima perang. Dumasar kana éta harti, mangka stratégi nya éta hiji seni ngarancang operasi dina paperangan (Iskandarwassid, 2008, kc. 2). Nurutkeun Majid (2013), stratégi nya éta hiji pola anu dirancang jeung ditangtukeun sacara dihaja pikeun ngalakukeun kagiatan atawa tindakan.

Dina kontéks pangajaran, nurutkeun Gagne (dina Iskandarwassid, 2008, kc. 3), stratégi nya éta kamampuh internal hiji jalma pikeun mikir, mecahkeun masalah, jeung nyokot kaputusan. Iskandarwassid (2008, kc. 3) nyebutkeun yén stratégi téh mangrupa taktik atawa pola nu dilakukeun ku guru dina prosés diajar nepi ka siwa bisa leuwih lalusa dina mikir jeung bisa ngembangkeun kamampuh kognitifna anu leuwih jero. Anapon anu dimaksud pangajaran téh mangrupa prosés anu dipaké pikeun méré ka siswa kaayaan anu bisa mantuan maranéhanana nyangkem targét diajar (Nitko jeung Brokhart dina Nurbani, 2015, kc. 263).

Chamot (dina Wong, 2011, kc. 145) nyebutkeun yén stratégi pangajaran téh prosedur husus anu dipaké ka siswa pikeun diajar. Luyu jeung Chamot, Oxford (dina Hardan, 2013, hal 1713) nyebutkeun yén Stratégi pangajaran téh sabagé léngkah husus nu dipigawé ku guru pikeun nyieun pangajaran jadi leuwih gampang, leuwih téréh, leuwih pikaresepeun, leuwih tangtu, leuwih *efektif*, jeung leuwih bisa dibawa kana kaayaan nu anyar.

Zainuddin, 2011

**STRATÉGI PANGAJARAN ÉKSPOSITORI**

**PIKEUN NINGKATKEUN KAMAMPUH MACA JEUNG NULIS AKSARA SUNDA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Nurutkeun Dornyei (dina Uhrig, 2015, hal.22), stratégi pangajaran nya éta kombinasi antara gaya diajar, motivasi, jeung pancén, ku kituna teu bisa dianggep sabagé karakteristik diajar anu teu bisa robah.

Wendenn jeung Rubin (dina Ungureanu, 2012, hal 5001) nyebutkeun yén stratégi pangajaran téh mangrupa sauntuyan léngkah operasi, rencana, rutinitas, nu digunakeun ku nu diajar pikeun sarana meunangkeun, neundeun, nyokot, jeung maké informasi.

Nurutkeun Aini (2015, kc. 91), stratégi pangajaran téh nya éta bagéan-bagéan anu silih pakait antara hiji jeung nu lianna katut komponén penting anu ngadukung prosés pangajaran sarta cara ngatransformasikeun pangalaman pangajaran ngaliwatan teknologi pangajaran.

Stratégi pangajaran disusun pikeun nyiptakeun kaayaan pengajaran supaya bisa lumangsung luyu jeung nu dipiharep, sarta siswa bisa ningkatkeun kréativitasna dina prosés pangajaran jeung meunangkeun hasil diajar nu alus (Joyce dina Raharjo, 2015, kc. 172).

Dick jeung Carey (dina Hamzah, 2009, kc. 1) ngajéntrékeun yén stratégi pangajaran téh mangrupa sakabéh *komponen* matéri pangajaran jeung prosedur atawa léngkah kagiatan diajar nu digunakeun ku guru dina raraga ngabantu siswa ngahontal tujuan pangajaran nu tangtu.

Ditingal tina perspektif téknologi pangajaran, bidang stratégi pangajaran kaasup dina wilayah rarancang pangajaran sarta dina éta pangajaran bakal aya tujuan anu kudu kacangkem, jeung pikeun bisa ngahontal éta tujuan anu geus dirarancang, mangka aya stratégi anu dipilih ku nu rék ngajar. Dina aplikasina, stratégi biasana jadi pola umum pangajaran anu dijieun ku guru (Sumantri, 2015, kc. 61).

Anapon anu dimaksud stratégi pangajaran basa nya éta léngkah anu dipilih ku guru (boh dihaja boh alami) pikeun ngahontal tujuan diajar jeung ngatur pangajaran basa (Griffiths dina Anam, 2016, hal 2). O'Malley jeung Chalmot (dina Chad, 2014, kc. 512) ngajéntrékeun yén stratégi pangajaran basa mangrupa pikiran atawa paripolah husus yang digunakeun ku hiji jalma pikeun mantuan maranéhna kana maham, diajar, jeung mertahankeun informasi anyar.

Dumasar kana kegiatan ngolah pesan atawa matéri, Iskandarwassid, jsk (2016, kc.29), ngajéntrékeun yén stratégi pangajaran téh dibédakeun jadi dua jinis, nya éta strategi pangajaran ékspositori jeung strategi pangajaran heuristik.

### **2.1.1.1 Konsép Strategi Pangajaran Ékspositori**

Dumasar kana konsepna, istilah ékspositori asalna tina konsép éksposisi anu ngandung harti méré katerangan. Strategi pangajaran ékspositori mangrupa strategi anu bentukna uraian (babaran) boh mangrupa bahan tinulis boh dina wangun verbal. Dina ieu strategi, pangajar ngolah materi nepi ka tuntas saacan ditepikeun di kelas. Salian ti éta pangajar miboga peran anu dominan pisan, sedeng peserta didik narima wungkul (Iskandarwassid, jsk, 2008, kc. 29-30).

Ku ieu strategi, guru nepikeun materi ajar sacara *terstruktur* jeung miharep matéri téh bisa aya dina kawasa siswa. Fokus utama ieu strategi téh kamampuh akademik siswa (Majid, 2013, kc. 216-217).

Nurutkeun Royy Killen (dina Hanani, 2012), strategi pangajaran ékspositori mangrupa salah sahiji strategi pembelajaran anu nekenkeun kana prosés nepikeun matéri sacara verbal ti guru ka sakelompok siswa nu miboga maksud supaya siswa bisa nyangkem matéri pangajaran sacara optimal. Ieu strategi ogé sipatna langsung (*direct introduction*), ku sabab matéri pangajaran langsung ditepikeun ka siswa.

Dina strategi pangajaran ékspositori, guru condong nyepeng kadali prosés pangajaran sacara aktif, saheulaanan siswa ngan ukur narima jeung ngikut naon-naon nu ditepikeun ku guru (Rusmoni, 2015, kc. 66).

Sumantri (2015, kc. 62) ogé ngajéntrékeun yén strategi pangajaran ékspositori nya éta léngkah pangajaran anu nekenkeun kana prosés nepina matéri sacara verbal ti saurang guru ka sakelompok siswa kalawan maksud supaya siswa nyangkem kana matéri pangajaran anu optimal.

Direktorat Tenaga Kependidikan (dina Sumantri, 2015, kc. 62)) nyebutkeun yén dina strategi ékspositori para siswa teu ditungtut pikeun manggihan matéri. Éta matéri saolah-olah geus jadi. Ku sabab pangajaran

ékspositori leuwih nekenkeun kana prosés cumarita, mangka ieu staratégi téh bisa ogé disebut “*chalk and talk*.”

Romizowski (dina Rusmoni, 2015, kc. 67) nyebutkeun yén kagiatan pangajaran ku stratégi ékspositori téh lain ngan saukur méré pangajaran katut maknana wungkul, tapi ogé ditungtut hal-hal anu leuwih jero, samisal ngaaplikasikeun informasi anu geus diajarkeun dina kaayaan anu béda.

Sanjaya (dina Sumantri, 2015, kc. 62) ogé nyebutkeun yén pangajaran ékspositori téh salah sahiji léngkah pangajaran anu nekenkeun kana prosés cumarita. Matéri pangajaran ditepikeun sacara langsung, peran siswa nyimak jeung ngadéngékeun matéri anu ditepikeun ku guru.

Dumasar kana wangenan di luhur, aya sababaraha karakteristik tina strategi ekspositori. **Kahiji**, stratégi ékspositori dilakukeun ku cara nepikeun matéri sacara verbal, hartina tinutur lisan mangrupa alat utama dina ngalaksanakeun ieu stratégi. Ku sabab kitu ieu stratégi téh idéntik jeung ceramah. **Kadua**, biasana matéri pangajaran nu ditepikeun nya éta matéri anu geus jadi, saperti data atawa fakta, konsép-konsép nu kudu diapal nepi ka teu aya tungtutan siswa pikeun mikir ulang. **Katilu**, tujuan utama pangajaran nya éta nyangkem materi pembelajaran. Hartina, sanggeus prosés pangajaran réngsé, siswa dipiharep bisa bener-bener paham ku bukti bisa nepikeun deui matéri nu geus ditarima.

Orientasi pangajaran stratégi ékspositori nya éta ka guru, sabab dina ieu stratégi, guru nyepeng peran anu dominan pisan. Ku cara stratégi ékspositori, guru nepikeun matéri pembelajaran sacara runtuy (sistematis), supaya matéri nu ditepikeun bisa kacangkem ku siswa.

### 2.1.1.2 Prinsip Strategi Pangajaran Ékspositori

Nurutkeun Sumantri (2015, kc. 64), dina stratégi pangajaran ékspositori, aya sababaraha prinsip anu kudu diperhatikeun, di antarana (1) miboga *orientasi* tujuan, (2) prinsip komunikasi, (3) prinsip kasiapan, jeung (4) prinsip *berkesinambungan*.

Prinsip kahiji, miboga *orientasii* tujuan. Sanajan dina nepikeun matéri pangajaran métode ceramah jadi ciri utama stratégi pangajaran ékspositori,

Zainuddin, 2017

STRATÉGI PANGAJARAN ÉKSPOSITORI

PIKEUN NINGKATKEUN KAMAMPUH MACA JEUNG NULIS AKSARA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

namung teu ngandung harti yén prosés nepikeun matériana téh henteu miboga tujuan pangajaran. Malah éta tujuan téh nu kudu jadi tinimbang utama dina ngagunakeun ieu stratégi. Ku sabab kitu, saacan ieu stratégi dilarapkeun, guru kudu ngarumuskeun heula tujuan pangajaran anu jéntré jeung kaukur.

Prinsip kadua nya éta prinsip komunikasi. Anu dimaksud prinsip komunikasi téh nya éta prosés komunikasi dina prosés pangajaran. Sumantri (2015, kc. 64), ngajéntrékeun yén sistim komunikasi bisa disebut éféktif lamun matéri nu ditepikeun bisa gampang dicangkém ku nu nampi matéri. Sabalikna, sistim komunikasi disebut teu éféktif lamun matéri nu ditepikeun teu bisa kacangkém ku nu nampi matéri. Ku kituna prinsip komunikasi mangrupa prinsip anu penting pisan. Hartina, kumaha cara nu bisa dilakukeun supaya unggal guru bisa ngaleungitkeun unggal gangguan nun bisa ngaganggu prosés komunikasi.

Prinsip katilu, nya éta prinsip kasiapan. Sumantri (2015, kc 66) ngajéntrékeun yén siswa bisa narima informasi lamun maranéhna geus siap fisik jeung psikis pikeun narima matéri pangajaran. Ulah waka ngamimitian lamun siswa acan siap diajar. Dina tiori *konektionisme*, “kasiapan” mangrupa hiji hukum diajar. Unggal jalma bakal ngaréspon kalawan cepet *stimulus*, lamun éta jalam geus miboga kasiapan, sabalikna teu mungkin unggal jalma bakal ngaréspon *stimulus* nu aya lamun éta jalma acan siap narimana.

Pamungkas, prinsip *berkesinambungan*, Sumantri (2015, kc. 66) ngajéntrékeun yén prosés pengajaran ékspositori kudu bisa ngadorong siswa pikeun diajar matéri pangajaran satuluyna. Pangajaran téh lain ngan saukur lumangsung dina éta waktu wungkul, tapi ogé bisa dilaksanakeun dina waktu anu séjén. Sanggeus ditepikeun matéri, siswa kadorong pikeun néangan jeung manggihan atawa nambahan wawasan ngaliwatan prosés diajar sorangan. Hasil henteuna ngagunakeun stratégi ékspositori gumantung kana kamampuh guru nepikeun matéri pangajaran.

### **2.1.1.3 Prosedur Stratégi Pangajaran Ékspositori**

Sumantri (2015. Kc. 67), ngajéntrékeun yén stratégi pangajaran ékspositori miboga sababaraha prosedur atawa léngkah. Ieu di handap mangrupa léngkah dina ngalarapkeun stratégi pangajaran ékspositori.

- 1) Sasadian, nya éta tahap anu aya pakaitna jeung nyiapkeun siswa pikeun narima pangajaran. Dina ieu strategi, léngkah sasadian mangrupa léngkah anu penting pisan. Hasil henteuna prosés pangajaran anu ngagunakeun strategi ékspositori gumantung kana léngkah sasadian. Sababaraha hal anu kudu dilakukeun dina ieu langkah di antarana: (1) méré sugésti anu positif jeung jauh sugésti négatif, (2) dimimitian ku cara nepikeun tujuan nu kudu kahontal, jeung (3) buka kaaktifan siswa dina mikir. Tujuan ayana tahap sasadian nya éta: (1) ngajak siswa sina kaluar tina kaayaan méntal anu pasif, (2) ngagugahkeun sumanget jeung kahayang siswa pikeun diajar, (3) mancing jeung ngagugahkeun rasa hayang apal siswa, jeung (4) nyiptakeun kaayan atawa iklim pangajaran anu kabuka.
- 2) Panyajian (*presentation*), nya éta léngkah nepikeun matéri pangajaran luyu jeung sasadian anu geus dilakukeun. Nu kudu dipikiran guru dina nepikeun matéri pangajaran nya éta kumaha carana éta matéri téh gampang katarima jeung kacangkem ku siswa. Ku kituna, aya sababaraha hal anu kudu diperhatikeun dina ngalaksanakeun ieu léngkah, nya éta: (1) makéna basa, (2) intonasi sora, (3) kontak panon ka siswa, jeung (4) ngagunakeun humor-humor anu matak seger jeung *edukatif*.
- 3) Korélasi, nya éta ngaitkeun matéri pangajaran jeung pangalaman siswa atawa jeung hal-hal lianna anu aya pakaitna jeung pangaweruh nu geus dipimilik ku siswa.
- 4) Nyindekkeun, nya éta tahapan pikeun maham kana *substansi* tina matéri pangajaran anu ditepikeun.
- 5) Ngaaplikasikeun, nya éta unjuk kamampuh siswa sanggeus narima matéri ti guru. Ku ieu léngkah, guru bisa ngumpulkeun informasi perkara kacangkem henteuna matéri pangajaran ku siswa. Téknik nu bisa dilakukeun dina ieu léngkah di antarana: (1) nyieun pancén anu luyu jeung matéri nu geus ditepikeun, jeung (2) méré tés anu luyu jeung matéri nu geus ditepikeun.

Zainuddin, 2017

**STRATÉGI PANGAJARAN ÉKSPOSITORI**

**PIKEUN NINGKATKEUN KAMAMPUH MACA JEUNG NULIS AKSARA SUNDA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

## 2.1.2 Maca

Maca mangrupa salah sahiji kaparigelan basa tina opat kaparigelan. Maca miboga wangenan jeung tujuan. Ieu di handap dijéntrékeun naon anu dimaksud maca, tujuan maca, jeung aspék-aspék maca, sarta kamampuh maca.

### 2.1.2.1 Wangenan jeung Tujuan Maca

#### 2.1.2.1.1 Wangenan Maca

Maca nya éta hiji proses anu dilakukeun jeung dipaké ku nu maca pikeun meunangkeun pesan anu rék ditepikeun panulis ku media tinulis (Hudson dina Tarigan, 2008, kc. 7). Maca téh metik jeung maham kana arti jeung makna anu aya dina bahan tinulis (Finochiaro jeung Bonomo dina Tarigan, 2008, kc.8).

Nurutkeun Tarigan (2008, kc. 8), maca dihartikeun sabagé hiji métodeu nu urang paké pikeun komunikasi ka diri urang sorangan jeung kadang-kadang ka batur –nya éta ngamonikasikeun makna nu aya dina lambang-lambang tinulis. Malahan, aya ogé sababaraha penulis nu saolah-olah nganggep yén maca téh hiji kaparigelan pikeun ningal lambang-lambang tinulis sarta ngarobah lambang-lambang tinulis tadi ku cara fonik (phonics= hiji métodeu pangajaran maca, ucapan, éjaan dumasar kana interprétasi fonétik kana éjaan biasa) jadi maca lisa (*oral reading*).

Tina segi linguistik, maca mangrupa hiji prosés *penyandian* deui jeung macaan sandi (*a recording and decoding proses*), béda jeung nyarita sarta nulis anu malah ngaitkeun *penyandian (encoding)* (Anderson dina Tarigan, 2013, kc. 7).

Maca mangrupa hiji prosés anu kompléks jeung rumit. Kompléks hartina yén dina prosés maca aya patalina jeung faktor *internal* jeung *eksternal* nu maca. Faktor internal mangrupa intelegensi, minat, sikep, bakat, motivasi, jeung tujuan maca. Faktor eksternal bisa dina wangun sarana maca, kasang tukang sosial ekonomi, jeung tradisi maca. Rumit hartina faktor internal jeung eksternal nu aya

Zainuddin, 2017

**STRATÉGI PANGAJARAN ÉKSPOSITORI**

**PIKEUN NINGKATKEUN KAMAMPUH MACA JEUNG NULIS AKSARA SUNDA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

patalina ngawangun koordinasi anu rumit keur ngarojong kana maham eusi bacaan (Nurhadi, 2008, kc. 13).

Kaparigelan maca mangrupa panangtu penting kasuksésan boh di jero sakola boh di luar sakola (O'Shaughnessy & Lane, dina Ven, 2017, hal.1)

#### **2.1.2.1.2 Tujuan Maca**

Maca téh miboga tujuan. Nurutkeun Tarigan (2008, kc. 9), tujuan utama maca nya éta pikeun néangan sarta meunangkeun informasi, kaasup eusi jeung maham kana makna nu dibaca. Makna atawa harti, pakait pisan hubunganana jeung maksud sarta tujuan, atawa intensif urang dina maca.

Kegiatan makéna basa, kaasup kegiatan maca, miboga tujuan anu tangtu. Tujuan maca nya éta nyangkem eusi bacaan nu dibaca. Nyangkem eusi bacaan mangrupa paktor anu kacida pentingna dina kegiatan maca (Apriani, 2015, kc. 14). Patalina antara tujuan maca jeung kamampuh maca kacida pentingna. Hartina, kamampuh maca mangaruhan kana kahontal henteuna tujuan maca.

Anderson (dina Sudaryat, 2015, kc. 181) nyebutkeun yén aya tujuh tujuan maca, nya éta:

- 1) maca keur meunang fakta (*reading for details or fact*);
- 2) maca keur meunangkeun gagasan utama (*reading for main ideas*);
- 3) maca keur mikanyaho runtuyan atawa organisasi (*reading for sequence of organization*);
- 4) maca keur nyindekkeun (*reading for inference*);
- 5) maca keur ngelompokkeun (*reading to classify*);
- 6) maca keur menteun (*reading to evaluate*); jeung
- 7) maca keur ngabandingkeun (*reading to compare of contrast*).

#### **2.1.2.2 Aspék-Aspék Maca**

Sudaryat (2009, kc. 88) nétélakeun yén salah sahiji aspék dina kamampuh maca nya éta nyangkem jeung mampuh nafsirkeun lambang-lambang tinulis anu dipaké dina bacaan, katut kaédah-kaédah atawa palanggaran ngagunakeun aksara. Kaparigelan maca dina prosésna teu bisa leupas tina hiji aspék lianna, anu sakabéhna ngilu ngarojong dina kegiatan maca. Maca mangrupa kaparigelan basa

Zainuddin, 2017

**STRATÉGI PANGAJARAN ÉKSPOSITORI**

**PIKEUN NINGKATKEUN KAMAMPUH MACA JEUNG NULIS AKSARA SUNDA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu



anu sipatna reseptif (narima). Ieu kaparigelan bisa dimekarkeun, misah jeung kaparigelan ngaregepkeun jeung nyarita. Maca téh miboga tilu komponén kamampuh, nya éta (1) ngawanohkeun aksara jeung tanda baca, (2) korélasi aksara jeung tanda baca ogé unsur-unsur linguistik anu formal, sarta (3) antara aksara, tanda baca, jeung linguistik formal, sarta harti (Broughton, dina Sudaryat, 2015, kc. 181).

Nurutkeun Broughton (dina Tarigan, 2008, kc. 12), sacara garis badagna, aya dua aspék penting dina maca, nya éta:

- a) Kaparigelan nu sipatna mekanis nu bisa dianggep aya dina urutan panghandapna. Ieu aspék di antarana:
  - 1) pangenalan wangun hurup;
  - 2) pangenalan unsur-unsur linguistik (fonem/grafem, kecap, frase, pola klausa, kalimah, jeung sajabana);
  - 3) pangenalan hubungan/koréspondensi pola éjaan jeung bunyi (kamampuh nyuarakeun bahan tinulis);
  - 4) kacepetan maca kana tarap lambat.
- b) Kaparigelan anu sipatna pamahaman nu bisa dianggep aya dina urutan pangluhurna. Ieu aspék di antarana:
  - 1) maham harti sederhana (leksikal, gramatikal, retorikal);
  - 2) maham signifikasi atawa makna (di antarana maksud jeung tujuan pangarang, relevansi/kaayaan kabudayaan, jeung réaksi nu maca);
  - 3) evaluasi atawa paniléyan (isi, wangun);
  - 4) kacepetan maca anu fléksibel, nu gampang diluyukeun jeung kaayaan.

Pikeun ngahontal tujuan anu aya dina kaparigelan mekanis, aktivitas anu pangluyuna nya éta maca bedas atawa nyaring. Anapon pikeun ngahontal kaparigelan pamahaman, anu paling luyu nya éta maca dina jero hate (Tarigan, 2008, kc. 13).

### **2.1.2.3 Kamampuh Maca**

Nurutkeun Poerwadarminta (1997, kc. 182) anu dimaksud kamampuh nya éta *kesanggupan, kecakapan, kita berusaha dengan diri sendiri dalam kegiatan.*

Zainuddin, 2017

**STRATÉGI PANGAJARAN ÉKSPOSITORI**

**PIKEUN NINGKATKEUN KAMAMPUH MACA JEUNG NULIS AKSARA SUNDA**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Jadi anu dimaksud kamampuh maca hartina kasanggupan, kaparigelan, usaha sorangan dina kagiatan maca. Dina widang atikan, kamampuh maca mangrupa dasar pikeun ngawasa unggal mata pelajaran anu diajarkeun.

Tampubolon (2008, kc. 11) ngajéntrékeun yén kamampuh maca téh *kecepatan membaca dan pemahaman isi bacaan secara keseluruhan*. Hakékatna kamampuh maca téh mangrupa hiji kamampuh dina nyangking jeung méré harti, nyeléksi fakta, informasi atawa gagasan, sarta nyindekkeun tina informasi-informasi anu aya dina hiji teks sacara *universal* (Slamet, 2009, kc. 122).

Sudaryat (2015, kc. 254) ogé nétélakeun yén kamampuh maca aya patalina jeung kamampuh nyangkingh eusi bacaan. Dina nyangking eusi bacaan ditangtukeun ku ayana kamampuh ngawasa pangaweruh ngeunaan aspék-aspék kabasaan saperti kabeungharan kecap jeung strukturna. Lamun siswa dibéré topik bacaan, kabeungharan kecap jeung wangun tata basa anu geus dipikawanoh ku siswa, kalawan gampang siswa bisa nyangking eusi bacaan.

Nurutkeun Cook (dina Mardhotillah, 2015, kc.16), kamampuh nu diperlukeun pikeun kahontalna tés pamahaman maca nya éta: (1) akurat jeung fasih mikawanoh kecap; (2) pangaweruh ngeunaan harti kecap; (3) pangaweruh ngeunaan hubungan antara klausa jeung kalimah dina tataran sintaksis/semantik; (4) mikawanoh gagasan utama jeung penjelas dina hiji struktur; (5) ngaidéntifikasi informasi husus nu dipiharep; jeung (6) ngaévaluasi ngeunaan pemilihan alternatif pikeun milih nu pangalusna.

Dina pangajaran aksara Sunda, kamampuh maca anu dimaksud nya éta kaparigelan pikeun ningal lambang-lambang tinulis sarta ngarobah lambang-lambang tinulis tadi ku cara fonik jadi maca lisan (*oral reading*).

### 2.1.3 Nulis

#### 2.1.3.1 Wangenan jeung Fungsi Nulis

Sarua jeung maca, nulis téh mangrupa salah sahiji kaparigelan dina basa. Nulis asalna tina kecap *tulis* make rarangkén N- (nasal) anu ngandung harti ngalakukeun. Nurutkeun LBSS (2005: 403) *tulis (nyerat)* nya éta nyieun aksara atawa angka dina kertas jst. ku parantina. Nulis mangrupa kaparigelan basa anu

Zainuddin, 2017

STRATÉGI PANGAJARAN ÉKSPOSITORI

PIKEUN NINGKATKEUN KAMAMPUH MACA JEUNG NULIS AKSARA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

produktif jeung ékspresif pikeun ngébréhkeun ide, gagasan, pola piker, kahayang, ku cara nuliskeun lambang-lambang grafik nu ngagambarkeun basa hiji jalma nepikeun ka jalma lianna bisa nyangkem éta basa dina gambaran grafik tadi (Tarigan, 2013, kc. 22).

Lado (dina Tarigan, 2013, kc. 22) nyebutkeun yén nulis téh nurunkeun atawa ngalukiskeun grafik anu ngagambarkeun hiji basa nu dipaham ku hiji jalma nepi ka jalma nu lianna bisa maca éta lambang grafik lamun maranéhanana paham kana basa jeung lambang grafik tadi.

Nulis téh sabagé hiji kagiatan nepikeun pesan (komunikasi) atawa informasi make basa tinulis sabagé alat atawa médiana. Dina komunikasi tinulis, aya opat unsur, nya éta nu nulisna –minangka nu nepikeun informasi, pesan atawa eusi tulisan, média nu dipaké mangrupa tulisan, jeung nu maca/narima pesen (informasi) (Suparno, 2007:13).

Nugraha (2016, kc. 12) nyebutkeun yén nulis téh salah sahiji wangun kaparigelan basa hiji jalma dina nyiptakeun hiji média kumunikasi ku cara nurunkeun hiji ide/pikiran/ras/ hayalan kana lambang hiji basa tinulis sacara runtuy pikeun ngungkap hiji timuan harti nu tangtu anu luyu jeung poko masalah anu dibahas.

Naon bédana ngagambar (ngalukis) jeung nulis? Gambar atawa lukisan bisa waé nepikeun makna-makna, tapi teu bisa ngagambarkeun basa nu sampurna. Ari nulis mah mangrupa hiji representasi bagian tina éksprési basa, ieu téh bédana ngalukis jeung nulis. Ngalukis gambar téh lain nulis. Hiji palukis bisa waé ngalukis huruf-huruf Cina, tapi manéhna teu bisa disebut nulis lamun teu apal kumaha carana nulis basa Cina, nya éta lamun manéhna henteu paham kana basa Cina sarta huruf-hurufna (Tarigan, 2013, kc. 22)

Dina prinsipna, fungsi utama tina tulisan nya éta salaku pakakas komunikasi anu teu langsung. Nulis téh penting pisan keur atikan sabab bakal ngabantu gampangna para siswa dina mikir (Tarigan, 2013, kc. 22). Cindekna, nulis téh miboga fungsi salaku pakakas komunikasi jeung cara mikir kritis, nepi ka manéhna bisa méréskeun pasualan-pasualan anu disanghareupan.

### 2.1.3.2 Mangpaat Nulis

Dina kahirupan manusia, nulis mangrupa salah sahiji kaparigelan anu miboga peranan penting. Ku cara nulis, hiji jalma bisa ngébréhkeun pikiran jeung gagasanana pikeun ngahontal maksud jeung tujuanana. Ku cara nulis, aksara nu dipaké bisa terus dipikawanoh ku masarakat nu macana.

Aya sababaraha mangpaat dina kagiatan nulis. Nurutkeun Horiston (dina Darmadi, 1996, kc. 3-4) kagiatan nulis miboga sababaraha mangpaat, di antarana:

- 1) pikeun manggihan hiji hal, dina harti bisa ngangkat idé jeung informasi anu aya dina pikiran manusa;
- 2) bisa ngahasilkeun idé anyar;
- 3) bisa ngalatih kamampuh nyusun konsép atawa idé anu dipimilikna;
- 4) bisa ngalatih sikep objektif nu aya dina dirina;
- 5) bisa nulungan dirina sorangan keur ngalatih ngaréngsékeun sababaraha pasualan;
- 6) dina hiji widang élmu bisa nyiptakeun sikep aktif jeung teu saukur jadi panarima informasi.

### 2.1.3.3 Kamampuh Nulis

Unggal jalma mibanda kamampuh anu béda, kaasup kamampuh nulis. Éta kamampuh dipangaruhan ku sababaraha faktor, di antarana baé kondisi fisik, daya inteléktual, kakuatan, rancagé, jeung kaparigelan. Lamun teu aya hiji waé faktor nu tadi, tangtu teu bisa ngalakukeun kalayan hadé. Nurutkeun Alwi (2003, kc. 1023) anu disebut kamampuh téh nya éta karancagéan, kasanggupan, kakuatan pikeun ngaréngsékeun pancén.

Lamun dikaitkeun jeung nulis, kamampuh nulis hartina sarua baé jeung karancagéan, kasanggupan, jeung kakuatan pikeun ngaréngsékeun pancén nepikeun hiji ide, gagasan, atawa pikiran dina wangun tinulis anu nyomponan kaidah kabasaan.

Dina pangajaran nulis aksara Sunda, nulis anu dimaksudna nyaéta kagiatan nyieun aksara atawa angka dina kertas jst. ku parantina. Ieu wangenan luyu jeung wangenan nulis dina kamus LBBS.

#### **2.1.4 Aksara Sunda**

Aksara daérah atawa aksara tradisi mangrupkeun ciri, jatidiri jeung kareueus hiji bangsa atawa suku bangsa. Ieu perkara téh saeutikna aya pakuat-pakaitna jeung tilu hal. Kahiji, yén aksara tradisi téh bakal langsung nunjuk ka hiji bangsa nu boga éta aksara. Kadua, nyatana yén henteu kabéh bangsa miboga sistem aksara sorangan, jeung katilu, yén aksara tradisi téh jadi sumber pangwangunan jatidiri bangsa anu kaayaanabakal jadi kareueus éta bangsa.

Dumasar kana bukti-bukti nu aya, masarakat Sunda miboga aksara sorangan anu disebut aksara Sunda téa. Aksara Sunda mangrupa hasil karya ortografi masarakat Sunda ngaliwatan sajarahna ti mimiti abad ka-5 masehi nepi ka jaman kiwari (Baidillah, 2008, kc. 5).

Sacara étimologis, aksara Sunda diwangun ku dua kecap, nyaéta kecap “aksara” jeung kecap “Sunda”. Aksara nyaéta sistem tanda grafis nu dipaké manusa pikeun komunikasi minangka wawakil tina hiji ujaran (Depdikbud, 2008, kc. 29). Ari kecap “Sunda” asalna tina basa Kawi anu miboga harti “pangkat; cai; waspada; ngarangkep. Aya oge kecap “Sunda” tina basa Sangsekerta anu hartina “sinar; béngras. Anapon tina basa Jawa kecap “Sunda” mibanda harti “nyusun; ngarangkep; gelaran Wisnu; sok disebut ogé Sundaran; Pribumi urang Jawa Kulon (Danadibrata, 2006, kc. 660). Cindekna, aksara Sunda téh nyaéta sistem tanda grafis nu dipaké manusa pribumi urang pulo Jawa Kulon pikeun komunikasi minangka jati diri atawa ciri has masarakatna.

Ditingal tina aspek peradaban, aksara mangrupa salah sahiji ciri kamajuan peradaban hiji masarakat. Kitu deui jeung aksara Sunda, ieu aksara mangrupa salah sahiji ciri majuna peradaban sarta alat pikeun ningkatkeun kamekaran suku Sunda. Saméméh wanoh kana aksara, kahirupan masarakat Sunda sapopoéna kaasup basajan. Tapi sanggeus mikawanoh aksara, kahirupan masarakat Sunda, salian geus némbongkeun jati diri tur ajén diri, ogé bisa dianggep jadi wates kahirupan antara manusa jaman prasajarah jeung jaman sajarah.

Zainuddin, 2017

*STRATÉGI PANGAJARAN ÉKSPOSITORI*

*PIKEUN NINGKATKEUN KAMAMPUH MACA JEUNG NULIS AKSARA SUNDA*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Aksara Sunda anu pernah dipaké dibedakeun ku sababaraha varian luyu jeung anéka ragam bahan tinulis nu dipaké (batu, logam, daun, kertas, pahat, palu, péso, tinta, jsb). Cara nulisna sipatna individual. Dipaké kurang leuwih 400 taun. Lingkup wilayahna hampir sakabéh Jawa Barat.

Sacara umum, aksara Sunda Kuna bisa disusun dina kalompok aksara swara, aksara ngalagena, aksara husus, rarangkén, jeung pasangan.

### 2.1.4.3 Sajarah Aksara Sunda

Nurutkeun catetan sajarah, aksara Sunda geus dipikawanoh ku urang Sunda ti abad ka-4 Maséhi, dina mangsa karajaan Tarumanagara. Hanjakalna, karya tinulis dina naskah-naskah anu asalna ti jaman Tarumanagara mah (abad ka-4 nepi ka abad ka-7) teu acan kungsi kapanggih tug nepi ka kiwari, lantaran bahan nu dipaké nulis éta naskah téh (daun, kulit, keretas) gampang ruksak tibatan bahan nu dipaké nyieun prasasti, batu, atawa piagam (logam).

Ngeunaan asal muasalna aksara Sunda lahir, teu aya bukti nu jelas. Nu jelasna mah saméméh abad ka-14 M, loba prasasti jeung kropak (naskah tina lontar) nu ditulis dina wangun aksara séjén, di antarana baé aksara Pallawa (Prasasti Tugu abad ka-4) jeung aksara Jawa Kuna (Prasasti Sanghyang Tapak abad ka-11). Kakara di abad ka-14 kadieukeun, aksara Sunda mindeng dipaké dina média batu/prasasti jeung naskah kuna (Apriani, 2016, kc.31).

Sanggeus Islam ka tanah Sunda, aksara Sunda beuki kadeséh. Aksara Arab Pégon nu nanjeur harita mah anu dipaké dina média tinulis. Karuhun Sunda anu asalna nulis m ake aksara Sunda, ganti jadi make aksara Arab Pégon. Ieu hal bisa katitén dina naskah sajarah Banten anu ditulis make aksara Arab Pégon dina taun 1662-1663. Komo deui sanggeus datang bangsa Eropa kalawan aksara Laténna, beuki ngaleungit waé aksara Sunda téh. Malah dina mangsa kakawasaan Mataram anu dipingpin ku Sultan Agung Mataram, di wilayah Sunda, sastra-sastra Sunda ditulis maké aksara Jawa Cacarakan. Contona naskah Babad Pakuan atawa Babad Pajajaran, ditulis maké aksara Jawa Cacarakan dina taun 1816.

Nurutkeun Suryani (2011, kc. 6), di tatar Sunda kurang leuwih aya genep aksara anu dipaké jeung dipikawanoh ku masarakat Sunda, nya éta: 1) aksara

Zainuddin, 2017

*STRATÉGI PANGAJARAN ÉKSPOSITORI*

*PIKEUN NINGKATKEUN KAMAMPUH MACA JEUNG NULIS AKSARA SUNDA*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Pallawa atawa Nagari, nu dipaké diantara abad ka-5 nepi ka abad 7 Maséhi; 2) aksara Sunda Kuna, nu dipaké dina abad ka-14 nepi ka abad 18 Maséhi; 3) aksara Jawa Cacarakan, nu dipaké dina abad 11 jeung abad ka-17 nepi ka abad 19 Maséhi; 4) aksara Arab Pégon, nu dipaké ti abad ka 17 nepi ka abad 20 Maséhi; 5) aksara Cacarakan, nu dipaké dina abad ka-19 nepi ka pertengahan abad ka-20 Maséhi; jeung 6) aksara Latén, nu dipaké di abad ka-19 Maséhi nepi ka kiwari.

Aksara Sunda nu ayeuna dipaké dina pangajaran di sakola tangtu béda jeung aksara Sunda Kuna nu dipaké dina mangsa karajaan baheula. Aksara Sunda nu ayeuna mah geus *dimodifikasi* sangkan leuwih gampang sarta leuwih praktis dina enggoning ngajarkeun jeung ngagunakeunana (Suryani, 2011, kc. 2-3).

#### **2.1.4.2 Sistem Tata Tulis Aksara Sunda**

Dumasar kana prasasti jeung naskah kuna nu kapanggih, tata tulis jeung urutan abjad aksara Sunda asalna aya 18 aksara poko ngalagena, nya éta *kaganga cajanya tadana pabama yarala*, jeung *wasala*, ditambah 7 (tujuh) aksara swara nya éta *a, i, u, é, e, eu* jeung *o*. Ku sabab kudu luyu jeung kamekaran basa anu dipaké di jaman kiwari, jeung kudu ngungkulan basa lian anu aya di saluareun tur mangaruhan basa Sunda, aksara Sunda kiwari mah ditambahan ku 5 (lima) aksara deui nya éta *fa, qa, va, xa*, jeung *za*. Jadi jumlah aksara Sunda nu dipaké kiwari téh aya 30 wangun, anu ngawengku 23 konsonan jeung 7 (tujuh) aksara vokal atawa swara. Suryani (2011, kc. 8) nyebutkeun yén aksara ngalagena ngabogaan sipat *logo-silabik* anu hartina tulisan anu bisa ngawakilan hiji kecap atawa engang.

Salian ti aksara ngalagena jeung aksara swara, aya ogé wangun angka aksara Sunda ti angka 0 (nol) nepi ka angka 9 (salapan) jeung rarangkén anu miboga fungsi pikeun ngarobah, nambahan, nyisipkeun, jeung ngaleungitkeun sora. Jumlah rarangkén nu aya dina aksara Sunda nya éta 13 rarangkén.

##### **2.1.4.2.1 Aksara Swara (Vokal)**

Anu dimaksud aksara swara nya éta tulisan anu ngalambangkeun foném vokal mandeg mandiri anu bisa nyicingan tempat di awal, di tengah, jeung di ahir dina hiji kecap.

Tabel 2.1

## Aksara Swara (Vokal Mandiri)

Wangun	<b>A</b>	<b>I</b>	<b>U</b>	<b>E</b>	<b>{</b>	<b>}</b>	<b>O</b>
Sora	<i>a</i>	<i>i</i>	<i>U</i>	<i>e</i>	<i>é</i>	<i>eu</i>	<i>o</i>

## 2.1.4.2.2 Aksara Ngalagena (Konsonan)

Tabel 2.2

## Aksara Ngalagena (Konsonan)

<b>Kk</b>	<b>G</b>	<b>G</b>	<b>Cc</b>	<b>j</b>	<b>J</b>
ka	ga	nga	ca	ja	nya
<b>tT</b>	<b>Dd</b>	<b>n</b>	<b>Pp</b>	<b>b</b>	<b>Mm</b>
ta	da	na	pa	ma	ma
<b>y</b>	<b>r</b>	<b>l</b>	<b>gW</b>	<b>s</b>	<b>h</b>
ya	ra	La	ga	sa	ha
<b>Ff</b>	<b>Vv</b>	<b>q</b>	<b>x</b>	<b>z</b>	
fa	va	Qa	xa	za	



### 2.1.4.2.3 Rarangkén (Vokalisasi)

**Tabel 2.3**  
**Rarangkén**

Posisi	panolong	panéléng	pangwisad	pamingkal	pamaéh
<b>Sajajar</b>	<b>...O</b>	<b>[...]</b>	<b>...H</b>	<b>...Y</b>	<b>...;</b>
<b>Di handap</b>	panyuku	panyiku	panyakra		
	<b>...u</b>	<b>...L</b>	<b>...R</b>		
<b>Di Luhur</b>	panghulu	pamepet	panglayar	panyecek	paneuleung
	<b>...i</b>	<b>...e</b>	<b>...Q</b>	<b>...N</b>	<b>...]</b>

Bunyi vokal /a/ dina aksara Sunda geus ngarangkep dina aksara ngalagena (konsonan). Ku kituna aksara ngalagena dina aksara Sunda Kaganga bunyina ka, ga, nga, jeung sajabana. Lamun /ka/ rék dirobah bunyi jadi /ka/, /ki/, /ku/, mangka kudu maké rarangkén dina nulis aksara ngalagenana. Aya 13 (tilu belas) rarangkén aksara Sunda anu diwangun ku 3 (tilu) posisi nya éta di luhureun aksara, di handapeun aksara, jeung rarangkén anu saajar jeung aksara.

## 1) Rarangkén di luhureun aksara

- a. Panghulu (**...i**), fungsina ngarobah tungtung sora /a/ jadi /i/. Contona:

$$\mathbf{k} = \text{ka} \rightarrow \mathbf{k}_i = \text{ki}$$

- b. Pamepet (**...e**), fungsina ngarobah tungtung sora /a/ jadi /e/.

Contona:

$$\mathbf{k} = \text{ka} \rightarrow \mathbf{ke} = \text{ke}$$

- c. Panyecek (**...N**), fungsina nambahan sora /ng/ ditungtung sora vokal.

Contona:

$$\mathbf{k} = \text{ka} \rightarrow \mathbf{kN} = \text{kang}$$

- d. Panglayar (**...Q**), fungsina nambahan sora /r/ di tungtung aksara

swara/ngalagena. Conto:

$$\mathbf{k} = \text{ka} \rightarrow \mathbf{kQ} = \text{kar}$$

$$\mathbf{a} = \text{a} \rightarrow \mathbf{aQ} = \text{ar}$$

- e. Paneuleung (**...]**), fungsina ngarobah tungtung sora /a/ jadi /eu/.

Conto:

$$\mathbf{k} = \text{ka} \rightarrow \mathbf{k]} = \text{keu}$$

## 2) Rarangkén anu ditulis handapeun aksara:

Zainuddin, 2017

STRATÉGI PANGAJARAN ÉKSPOSITORI

PIKEUN NINGKATKEUN KAMAMPUH MACA JEUNG NULIS AKSARA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- a. Panyuku ( $\dots u$ ), fungsina ngarobah tungtung sora /a/ jadi /u/. Conto:

$$k = ka \rightarrow ku = ku$$

- b. Panyakra ( $\dots R$ ), fungsina nyisipkeun sora /r/ di tengah aksara ngalagena. Conto:

$$k = ka \rightarrow kR = kra$$

- c. Panyiku ( $\dots L$ ), fungsina nyisipkeun sora /l/ di tengah aksara ngalagena. Conto:

$$k = ka \rightarrow kL = kla$$

3) Rarangén anu sajarah jeung aksara:

- a. Panéléng ( $[ \dots ]$ ), fungsina ngarobah sora tungtung /a/ jadi /é/. Contona:

$$k = ka \rightarrow [k] = ké$$

- b. Panolong ( $\dots o$ ), fungsina ngarobah sora tungtung /a/ jadi /o/. Contona:

$$k = ka \rightarrow ko = ko$$

- c. Pangwisad ( $\dots H$ ), fungsina nambahan sora /h/ di tungtung aksara swara atawa aksara ngalagena. Contona:

$$k = ka \rightarrow kH = kah$$

$$I = i \rightarrow IH = ih$$

d. Pamingkal ( $\dots Y$ ), fungsina nyisipkeun sora /y/ di tengah aksara

ngalagena. Contona:

**k** = ka  $\rightarrow$  **kY** = kya

e. Pamaéh ( $\dots;$ ), fungsina ngaleungitkeun sora tungtung /a/ aksara

ngalagena. Contona:

**k** = ka  $\rightarrow$  **k;** = k

#### 2.1.4.2.4 Angka Aksara Sunda Kaganga

Tabel 2.4

Angka Aksara Sunda

<b>1</b>	<b>2</b>	<b>3</b>	<b>4</b>	<b>5</b>	<b>6</b>	<b>7</b>	<b>8</b>	<b>9</b>	<b>0</b>
1	2	3	4	5	6	7	8	9	0

Angka aksara Sunda dina nulisna kudu diapit ku dua garis nangtung.

Contona : **|2017|** = 2017.

#### 2.1.4.3 Materi Ékspositori Aksara Sunda

Aksara asli ngalagena anu jumlahna 18 disusun jadi kekecapan anu gampang diapal, nya éta BAPA NGACA KAGA NANYA HATA RAJASA MAWALA DAYA.

<b>B b p</b>	<b>G c</b>
<b>BA PA</b>	<b>NGA CA</b>

<b>k g</b>	<b>n j</b>
<b>KA GA</b>	<b>NA NYA</b>
<b>h t</b>	<b>r j s</b>
<b>HA TA</b>	<b>RA JA SA</b>
<b>m w l</b>	<b>d y</b>
<b>MA WA LA</b>	<b>DA YA</b>

Anapon aksara swara anu jumlahna 7 (tujuh) aksara disusun dumasara kana wangunna anu sarupa heula, saperti ieu di handap.

<b>a</b>	<b>{</b>	<b>}</b>	<b>I</b>	<b>E</b>	<b>U</b>	<b>O</b>
a	É	Eu	i	e	u	o

Rarangkén aksara Sunda anu jumlahna 13 (tilu belas) rarangkén disusun dumasar kana fungsina, nya éta (1) ngarobah sora; (2) syisipkeun sora; (3) nambahan sora; jeung (4) jeung ngaleungitkeun sora (maéhan). Ieu rarangkén dijieun jadi rumus 6R3S3T1M, anu maksudna genep robah sora, tilu sisip sora, tilu tambah sora, jeung hiji maéhan sora.

6 Robah Sora					
<b>...i</b>	<b>...u</b>	<b>...e</b>	<b>...]</b>	<b>[...]</b>	<b>...O</b>
→ i	→ u	→ e	→ eu	→ é	→ o
3 Sisip Sora					
<b>...R</b>	<b>...L</b>	<b>...Y</b>			
→ r	→ l	→ y			
3 Tambah Sora					

...Q	...H	...N
→ r	→ h	→ ng
1 Maéhan		
...;		

Rarangén di luhur lamun dipaké dina aksara ngalagena mangka bakal jadi saperti kieu:

6 Robah Sora					
bi	bu	be	b]	[b	bo
bi	bu	Be	beu	bé	bo
3 Sisip Sora					
bR		bL		bY	
bra		bla		bya	
3 Tambah Sora					
bQ		bH		bN	
bar		bah		bang	
1 Maéhan					
b;					
b					

#### 2.1.4.3 KI-KD Pangajaran Maca jeung Nulis Aksara Sunda

Di tingkat satuan SMP, materi aksara Sunda ayana di kelas VII (tujuh) semester 2 (dua). Pangajaran aksara Sunda di tingkat satuan SMP didasaran kana

Zainuddin, 2017

STRATÉGI PANGAJARAN ÉKSPOSITORI

PIKEUN NINGKATKEUN KAMAMPUH MACA JEUNG NULIS AKSARA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

KI-KD (Kompeténsi Inti jeung Kompeténsi Dasar). Kompeténsi inti mata pelajaran basa jeung sastra Sunda mangrupa rangkay ngeunaan standar kompeténsi nu kudu dipikanyaho, dilakukeun, jeung dikawasa ku siswa dumasar kana tingkatanana.

Kompeténsi inti ngawengku sikep spiritual, sikep sosial, pangaweruh, jeung kaparigelan anu diwujudkeun ngaliwatan proses ngaregepkeun, maca, nulis, jeung nyarita nu gumulung jeung kamampuh dina segi basa jeung pangalaman sastra anu dilaksanakeun kalawan *terpadu*.

Anapon kompeténsi dasar mangrupa kamampuh minimal nu kudu dikawasa ku siswa. Ku sabab kitu, guru kudu bisa mekarkeun jeung ngaluyukeun bahan nu aya dumasar kana kaayaan jeung kaperluan dina silabus jeung rencana pelaksanaan pembelajaran (RPP).

Kompeténsi inti jeung kompeténsi dasar mata pelajaran basa jeung sastra Sunda SMP/MTs kelas VII matéri maca jeung nulis aksara Sunda nu dipaké dina ieu panalungtikan dijéntrékeun dina tabel ieu di handap.

**Tabel 2.5**

**Kompeténsi Inti Kompeténsi Dasar Materi Aksara Sunda SMP/MTs**

<b>Kompetensi Inti (KI)</b>	<b>Kompetensi Dasar (KD)</b>
7.1 Menghayati dan mengamalkan ajaran agama yang dianut	7.1.1 Menghargai dan mensyukuri keberadaan bahasa Sunda sebagai anugerah Tuhan yang Maha Esa sebagai sarana komunikasi melalui PAGUNEMAN, WAWARAN dan atau IKLAN LAYANAN MASYARAKAT, PENGALAMAN PRIBADI, AKSARA SUNDA, KAULINAN BARUDAK, DONGENG, SAJAK dan PUPUJIAN
7.2 Menghargai dan menghayati perilaku jujur, disiplin, tanggung jawab, peduli (toleransi, gotong royong), santun, percaya diri,	7.2.2 Menunjukkan perilaku jujur, tanggung jawab, dan santun dalam menggunakan bahasa Sunda untuk membuat

Zainuddin, 2017

*STRATÉGI PANGAJARAN ÉKSPOSITORI*

*PIKEUN NINGKATKEUN KAMAMPUH MACA JEUNG NULIS AKSARA SUNDA*


Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

dalam berinteraksi secara efektif dengan lingkungan sosial dan alam dalam jangkauan pergaulan dan keberadaannya.	WAWARAN dan atau IKLAN LAYANAN MASYARAKAT, PANGALAMAN PRIBADI, dan AKSARA SUNDA.
7.3 Memahami pengetahuan (faktual, konseptual, dan prosedural) berdasarkan rasa ingin tahunya tentang ilmu pengetahuan, seni, dan budaya terkait fenomena dan kejadian tampak mata	7.3.8 Mengidentifikasi dan menganalisis kalimat yang menggunakan AKSARA SUNDA sesuai dengan kaidah-kaidahnya.
7.4 Mencoba, mengolah, dan menyaji dalam ranah kongkret (menggunakan, menguraikan, merangkai, memodifikasi, dan membuat) dan dalam ranah abstrak (menulis, membaca, menghitung, menggambar, dan mengarang) sesuai dengan yang dipelajari di sekolah dan sumber lain yang sama dalam sudut pandang/teori.	7.4.8 Menulis kalimat yang menggunakan AKSARA SUNDA dengan baik dan benar.


## 2.2 Raraga Mikir

Aksara Sunda mangrupa salah sahiji matéri anu kudu diajarkeun dina pangajaran basa Sunda. Kaparigelan nu kudu kahontal dina pangajaran aksara Sunda nya éta maca jeung nulis. Ieu matéri téh sabenerna dipikaresep ku siswa, ngan peunteun aksara Sunda, dina maca jeung nulis, lolobana acan nyumponan KKM. Ieu hal tumali jeung stratégi anu dipaké dina pangajaran aksara Sunda. Sangkan pangajaran aksara Sunda henteu monoton jeung bisa ningkatkeun kamampuh maca jeung nulis aksara Sunda, digunakan hiji statégi pangajaran. Dumasar kana perkara di luhur, strategi pangajaran ékspositori dipaké pikeun mikanyaho éféktif henteuna dina ningkatkeun kamampuh maca jeung nulis aksara Sunda.

Sangkan leuwih jéntré ngenaan raraga mikir dina ieu panalungtikan bisa dititénan dina gambar 2.1 di handap.







Gambar 2.1  
Raraga Mikir

### 2.3 Hipotésis

Ha: Stratégi pangajaran ékspositori leuwih efektif dina ningkatkeun kamampuh maca jeung nulis aksara Sunda batan stratégi *konvensional*.